



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL EPI PREZIDAN AK DIREKTÈ EGZEKITIF JENERAL MTA,
LIBEBER, FELISITE TRAVAYÈ EWOYIK MTA YO NAN REYINYON KONSÈY MWA
AVRIL LA**

Hochul fè listwa kòm premye Gouvènè ki patisipe nan yon reyinyon konsèy MTA

Gouvènè Kathy Hochul ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an, Janno Lieber, te felisite jodi a 18 travayè ewoyik MTA pou aksyon yo ki sove lavi nan entèvni nan fiziyad nan estasyon 36 St nan madi 12 avril. Aksyon desizif 18 anplwaye MTA sa yo te ede asire sekirite pasaje yo pandan ensidan nan metwo Sunset Park la. Seremoni an te make premye fwa yon gouvènè an fonksyon te vizite yon reyinyon Konsèy MTA.

"Pandan fiziyad trajik ki te rive nan metwo a nan 12 avril, yon gason te prezante pou divize nou. An repons, travayè MTA nou yo te voye yon mesaj klè: Pa jwe ak Nouyòkè yo akòz si ou atake youn nan nou, ou atake nou tout", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Travayè sa yo te kanpe san ezitasyon pou fè tout sa yo te kapab pou pwoteje konpatriyòt Nouyòkè yo epi jodi a nou onore ewoyis yo. Pandan yon bann fwa, nou wè ewo MTA yo k ap travay tout lajounen ak lannuit tranpil nan mitan destriksyon pou asire ke Nouyòkè yo gen transpò efikas ak san danje, epi mwen rekonesan anpil pou tout travay di ak kouraj yo".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Transpò Metwopoliten an, Janno Lieber, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske yo onore kòlèg MTA nou yo pou wòl yo nan repons ak fiziyad 12 avril la. Menm avèk tout fòmasyon ke anplwaye yo pran, ou pa kapab kòmanse apresye ak kisa sa sanble pou viv yon bagay tankou ensidan trajik sa jiskaske li rive. Men anplwaye MTA brav sa yo te mobilize - tankou jan yo toujou fè sa - pou pran swen Nouyòkè yo ak youn lòt. Yo reprezante sa ki pi bon nan New York. Se travay di yo ki kenbe sistèm nou an ap fonksyone lajounen ak lannuit, nan lapli, nan lanèj ak nan tout kondisyon yo - pandan yon pandemi sa pa te mwens! - 24/7, 365 jou nan yon ane. Yo se kè ak nanm MTA, epi nou remèsye yo, jodi a ak chak jou, pou sèvis ak devouman yo".

Gouvènè Hochul te prezante felisitasyon bay anplwaye MTA sa yo:

David Artis, Operatè Tren

Raven Haynes, Kondiktè
Joseph Franchi, Operatè Tren
Dayron Williams, Kondiktè
Niall Maguire, Sipè-entandan Jeneral
Gilberto Rosado, Sipèvizè Sèvis Tren
Jose Martinez, Kondiktè
Mark Wolodarsky, Sirentandan Liy
Sheila Hutson, Manadjè Sèvis Kliyan Distri
Rolando Hernandez, Manadjè Estasyon Gwoup
Louis Lanfair, Manadjè Estasyon Gwoup
Chantay Adams, Sirentandan Estasyon Gwoup
Angel Oquendo, Netwayè, Otorite Transpò Piblik Vil New York
Charlene Gardner, Netwayè, Otorite Transpò Piblik Vil New York
Peter Stone, Sipèvizè Sèvis Tren
Tanyia Brand-Jones, Kominikasyon Dijital, Analis Pèsonèl II, Inite Kominikasyon Dijital
Annie Morrison, Kominikasyon Dijital, Analis Pèsonèl II, Inite Kominikasyon Dijital
Tyler Schow, Kominikasyon Dijital, Manadjè, Kominikasyon avèk Kliyan, Inite Kominikasyon Dijital

Artis ak Haynes se te manm ekip tren **N** ki te ede pasaje yo evakye tren pou destinasyon Manhattan nan estasyon 36 St. Franchi ak Williams t ap opere yon tren **N** ki gen destinasyon Brooklyn a yon estasyon distans epi te kanpe tren **R** la nan estasyon 25 St pou asire pasaje tren an pa t ap dirije yo vè yon sityasyon danjere.

Schow, Morrison ak Brand-Jones te manm Inite Kominikasyon Dijital MTA, ki te entèvni byen vit nan ensidan an nan bay enfòmasyon klè sou sèvis epi yo te reponn ak yon gwo volim demann kliyan. Brand-Jones te ekri mesaj sou reta inisyal pou ensidan sa, kenbe yon tèt frèt ak rasanble enfòmasyon pi enpòtan sou enpak sèvis pandan plizyè rapò konfliktyèl te rive.

Huston, Lanfair, Hernandez ak Adams te manm ekip jesyon estasyon ki, apre notifikasyon ensidan an, te imedyatman pran direksyon 25 St ak answit 36 St pou evalye sityasyon an. Yo te bay sipò pou travayè MTA yo nan de estasyon epi te kowòdone sèvis kliyan an pou ede pasaje yo ke ensidan an te afekte pakou yo. Yo te ede lapolis tou nan mete prela ble ozalantou estasyon an pou pèmèt envestigasyon an fèt an sekirite.

Stone se yon Sipèvizè Sèvis Tren ki te nan Bay Ridge nan estasyon 95 St nan moman ensidan an. Li te ale nan 36 St touswit, kote konesans detaye li sou estasyon an te pwouve yo presye pou NYPD padan envestigasyon an t ap avanse. Li te itilize fren men nan tren ensidan an pou kenbe li sekirize nan estasyon an epi te kontakte ekip tren an pou asire yo t ap konnen pou yo kontoune 36 St pandan peryòd ensidan an ak envestigasyon an.

Oquendo ak Gardner te netwayè estasyon sou sèn lan nan estasyon 36 St ak 25 St pandan ensidan an te rive. Yo te alète ajan kabin yo avèk trankilite epi yo te pami premye anplwaye MTA yo ki te entèvni nan ensidan an.

Maguire, Rosado, Martinez ak Wolodarsky te nan 38 St Yard epi te pran direksyon estasyon 36 apre rapò inisyal sou ensidan an. San konnen tout detay sityasyon an ak san ezitasyon, yo te pami premye anplwaye MTA ki rive sou sèn la pou entèvni. Yo te asire ke tout kliyan nan tren ensidan yo, ansanm ak sila yo ki te nan tren ki kanpe yo te nan menm liy, ke yo te kapab debake an sekirite.

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Nouyòkè sa yo te montre monn lan kisa vil nou an ye: kominote ak sousi pou youn pou lòt. Mwen remèsye ewo sa yo pou sèvis ak kouraj yo nan maten sa — gras ak yo, okenn pasaje pa te rete dèyè epi vil nou an kontinye fonksyone chak jou. Mwen remèsye tou Gouvènè a ak MTA dèske yo rekonèt ewo sa yo ak devouman yo pou konpatriyòt Nouyòkè yo".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Nan moman kriz, Nouyòkè yo la pou youn lòt san ezitasyon. Travayè brav MTA ak Transpò Vil New York sa yo te kouri nan direksyon sèn trajedi a, mete yo touswit an sekirite epi bay konfò pou sila yo ki te afekte dirèkteman. Lespri kouraje sa yo se yon temwayaj ki moun nou ye kòm yon eta - yon kominote asistan - epi mwen rekonesan anpil pou chak grenn ewo sa yo".

Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare, "Mwen salye ewoyis, kouraj ak sèvis travayè MTA yo ke nou felisite jodi a. Fas ak ijans kawotik, ki menase lavi a, aksyon reflechi yo te pwoteje piblik la epi, mwen pa gen dout, te kontribiye nan sityasyon kote pa te gen okenn lanmò nan atak terib sa. Yo vreman akonpli lespri sèvis piblik nou tout aspire pou li, epi pou sa, Nouyòkè yo vreman rekonesan".

Senatè Eta, Zellnor Myrie, te deklare, "Travayè MTA yo bay tout yo menm pou kenbe vil nou an ap fonksyone chak jou epi ewoyis ak sèvis yo nan 12 avril te eksepsyonèl. Yo reprezante sa ki pi bon nan New York. Mwen onore pou m rekonèt yo pou wòl yo nan ede kliyan yo rete an sekirite epi pwoteje sistèm nou an chak jou".

Senatè Eta, Jabari Brisport, te deklare, "Mwen vreman fyè pou m soti nan yon kominote ki konnen fòs nou ak sekirite nou chita sou angajman nou pou veye youn sou lòt. Travayè MTA sa yo enkòpore lespri sa nan 12 avril epi yo se yon kredi pou vil nou an".

Manm Asanble, Amy Paulin, te deklare, "Mwen vle remèsye gason ak fanm ewoyik MTA ak Transpò Vil New York ki te yon lòt fwa entèvni nan yon moman kriz. Anplwaye sa yo te antre an aksyon pandan evènman trajik yo t ap dewoule epi anpil nan yo te kouri ale nan estasyon 36 Street san yo pa konnen sa ki t ap tann yo. Yo te kenbe trankilite yo epi, nan fè sa, yo te ede pasaje yo ak NYPD pandan estasyon an te tounen yon sèn krim byen vit. Mwen aplodi efò ewoyik yo epi remèsye yo nan non tout Nouyòkè yo".

Manm Asanble, Marcela Mitaynes, te deklare, "Nou pa bezwen di ke travayè MTA yo jwe yon wòl enpòtan nan sèvi ak asire ke vil nou an fonksyone chak jou avèk sekirite ak swen. Wòl travayè yo te jwe nan jou fiziyad estasyon 36 Street la sèlman montre a chak Nouyòkè ke travayè piblik nou yo toujou vle asire yon fason dezenterese ke chak vwazen, zanmi ak pasaje rete lwen danje. Sèl fason nou kapab vreman ekspriime gratitud nou pou efò kouraje yo se lè nou asire ke Eta nou an finanse yon fason apwopriye enfrastrikti transpò piblik nou epi asire chak travayè, kèlkeswa responsabilite ak fonksyon yo, jwenn swen ak salè yo merite. Nou dwe toujou envesti nan enstitisyon piblik nou yo ak travayè nou yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)